



ETE 2026 RESOUS ALIMANTÈ POU TIMOUN YO

Timoun Ohio yo ka manje gratis pandan ete a!

REPA PANDAN ETE A

Tout timoun ki gen 1 an jiska 18 an elijib pou yo resevwa repa gratis sou sit k ap patisipe nan Pwogram Sèvis Alimantè USDA Pandan Ete a. Kèk moun ki gen 19 an jiska 21 yo idantifye antanke moun ki gen twoub mantal oswa andikap fizik elijib tou. **Aprann plis sou Repa Pandan Ete a sou <https://bit.ly/CHASummer>.**

SUMMER EBT/SUN BUCKS

Fanmi ki gen timoun ki nan laj pou yo al lekòl epi ki gen revni yo ki egal oswa ki pi piti pase 185% nan nivo povrete federal la ka achte pwovizyon alimantè gras ak kat ki prechaje. Avantaj \$120 sa fonksyone avèk lòt pwogram nitrisyon pou bay timoun yo yon aksè ki regilye ak nitrisyon esansyèl lè lekòl fèmen.

Jwenn plis enfòmasyon nan do paj sa oswa vizite <https://ohiosummerebt.org>.

BANK ALIMANTÈ AK GADMANJE ALIMANTÈ

Bank alimantè ak gadmanje alimantè yo ap bay pwodui alimantè ak lòt resous bay moun ak fanmi ki nan ensekirite alimantè.

Jwenn kote yon lokal bank alimantè oswa gadmanje alimantè ye lè w rele 2-1-1 oswa lè w chèche kat la sou <https://ohiofoodbanks.org/foodbanks>.

PWODUI KI FRE GRAS AK WIC

Patisipan ki elijib pou WIC Ohio a ka resevwa \$30 nan kupon (Jen–Oktòb) pou yo achte pwodui ki fre yo kiltive nan rejyon an ki nan mache ak sou etajè yo apwouve yo. Founiti yo limite — kontakte klinik WIC lokal ou a pou w konnen disponiblite epi vizite sitwèb la pou w konnen ki konte k ap patisipe.

Vizite bit.ly/ProduceWithWIC pou w jwenn plis enfòmasyon.

BONIS SIPLEMANTÈ POU PWODUI YO

Li bay yon èd finansye ki ekivalan ak montan ki depanse a (jiska \$25) pou achte fwi ak legim nan kad pwogram SNAP/EBT. Avantaj Summer EBT/SUN Bucks yo ladan l tou! **Jwenn ki kote yo ye sou <https://produceperks.org/locations>.**

Eskane kòd la pou w jwenn enfòmasyon ak resous



Vizite kat sit ODEW pou ete a:
<https://bit.ly/ODEWSummerSites>

Vizite zouti rechèch sit USDA:
<https://www.fns.usda.gov/meals4kids>

Rele 1-866-3-HUNGRY (486479) pou w jwenn plis enfòmasyon.





ETE 2026 RESOUS ALIMANTÈ POU TIMOUN YO

Summer EBT/SUN Bucks

Pwogram Ete Transfè Avantaj Elektwonik pou Timoun yo (Summer EBT oswa SUN Bucks) ap bay fanmi Ohio ki gen fèb revni epi ki gen timoun ki nan laj pou yo al lekòl avantaj alimantè lè lekòl yo fèmen pandan ete a.

Fanmi yo ka itilize avantaj yon sèl fwa \$120 a pou chak timoun ki elijib nan magazen alimantè yo, nan mache fèmye yo ak nan men lòt revandè ki otorize. Y ap kredite avantaj Summer EBT yo swa sou Ohio Direction Card oswa sou kat avantaj Summer EBT ane pase a, oswa y ap voye yon nouvo kat avantaj pa lapòs pou chak timoun ki elijib.

KI MOUN KI ELIJIB EPI KÒMAN POU W APLIKE

Si kay la gentan ap patisipe nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) oswa nan Ohio Works First (OWF), oswa si lekòl elèv la apwouve l pou l resevwa repa gratis oswa repa ak yon pri ki pi ba, timoun lan ap enskri otomatikman. Pifò kay ki gen pitit yo k ap patisipe nan Medicaid ap enskri otomatikman tou, selon revni kay la lè li t ap aplike pou Medicaid la. Anpil lekòl bay tout elèv yo repa gratis men repa gratis nan lekòl pa otomatikman kalifye fanmi yo pou yo resevwa avantaj sa; fanmi yo dwe satisfè kondisyon elijiblite yo dirèkteman.

Si w pa enskri otomatikman epi si w panse pitit ou a elijib, aplike lè w ranpli yon aplikasyon ki byen senp.

Pou aplike anliy oswa sou papye, eskane kòd QR ki adwat la oswa vizite <https://sebt.ohio.gov/apply>.

Verifye estati aplikasyon Summer EBT/SUN Bucks ou a epi konsilte kritè elijiblite revni an sou <https://sebt.ohio.gov/status>.

Pou Kesyon Yo Poze Souvan yo, vizite <https://ohiosummerebt.org/faqs>.

Enstitisyon sa se yon founisè ki aplike yon politik egalite chans. Pwojè sa a finanse an pati ak fon Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture). Kontni dokiman sa pa nesèsman reflete opinyon oswa politik Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture), ni mansyone non komèsyal, pwodui komèsyal, oswa òganizasyon pa vle di Gouvènman Ameriken an apwouve yo.

Eskane kòd pou aplikasyon pou Summer EBT/SUN Bucks



KÒMAN LI FONKSYONE

1.) Aktive kat ou a

Si w ap resevwa avantaj SNAP, y ap ajoute fon yo sou Ohio Direction Card ou genyen pou kounya epi ou p ap bezwen fè anyen ankò. Si w ap resevwa yon nouvo kat, l ap vini ansanm ak enstriksyon yo.



2.) Ale nan magazen an

Jwenn magazen ki aksepte SNAP EBT lè w vizite <https://www.fns.usda.gov/snap/retailer-locator>.

3.) Chwazi sa w vle manje a

Aprann plis sou <https://www.fns.usda.gov/snap/eligible-food-items>.

4.) Peye ak kat ou a

Pase kat ou a sou kès la tankou yon kat debi men peze sou bouton "EBT" a. Antre PIN ou an apre sa peze sou "Antre (Enter)."

Eskane kòd la pou w jwenn enstriksyon ki detaye

